



Pou Piblikasyon Imedya: 8/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON POU DEVLOPE YON PWOGRAM
SANSIBILIZASYON SOU ENPAK TRETMAN MEDIKAL YO SOU MOUN
ENTÈSÈKSYÈL YO**

Lejislasyon S.5399/A.5627 egzije pou DOH mennen sansibilizasyon sou moun entèseksyèl yo, òganizasyon moun entèseksyèl yo dirije ak defansè yo chwazi yo

Gouvènè a siyen premye legislasyon pandan jounen solidarite sou entèsèks la, yon jou sansibilizasyon global pou kominote entèseksyèl la

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a legislasyon S.5399/A.5627 ki egzije Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la pou l mennen yon kanpay enfòmasyon piblik ak sansibilizasyon sou tretman ki pa nesèsè sou plan medikal yo fè sou moun ki entèsèks yo. Gouvènè a te siyen legislasyon an, premye lwa sa a nan tout eta nan Etazini, nan Jounen Solidarite sou Entèsèks, yon jou sansibilizasyon pou moun ki entèsèks yo ak defi inik yo fè fas yo.

"Pandan nou rekonèt Jounen Solidarite Entèsèks la, mwen fyè pou m siyen nouvo legislasyon ki sipòte ak ede kominote sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Chak moun nan New York merite pou yo trete ak diyite ak respè nan sistèm medikal nou an, espesyalman timoun nou yo. Nouvo lwa sa a se yon etap enpòtan pou ogmante sansibilizasyon kominote entèsèks yo epi asire yo jwenn swen medikal enfòm ak byenveyan".

Lejislasyon S.5399/A.5627 gen pou objektif diminye domaj tretman ki pa nesèsè jèn entèsèksyèl yo ka sibi pou fè yo ajiste yo nan kategori restriksyon binè gason-fi. Kanpay sa a pral sèvi tou pou sansibilize egzistans natirèl moun ki fèt ak karakteristik entèsèks yo ak risk ki ka akonpaye pwosedi medikal ijans ak pwosedi medikal ki pa ijans yo rekòmande pou yo.

Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare, "Yo estime ke 400,000 Nouyòkè gen karakteristik entèsèks, ki se varyasyon natirèl nan karakteristik sèks yo. Kontrèman ak konpreyansyon jeneral moun yo, pa gen okenn prèv ki montre pwosedi chirijikal pou 'korije' tibebe ki fèt entèseksyèl yo benefisyè timoun yo nan okenn fason. An reyalyte, operasyon sa yo ki pa nesèsè sou plan medikal vini ak yon pakèt enpak potansyèl negatif ke paran yo dwe konnen. Mwen fyè dèske jodi a, nan Jounen Solidarite sou

Entèsèks la, Gouvènè Hochul ap siyen pwojè lwa nou an ak Manm Asanble Seawright ki pral egzije Depatman Sante a pou l fè yon kanpay enfòmasyon piblik ak sansibilizasyon sou sante entèsèks. Mwen rekonesan anpil ak Lidè Majorite Sena a Stewart-Cousins, Manm Asanble Seawright, NYCLU, New Pride Agenda, ak InterACT pou sipò yo nan pwojè lwa enpòtan sa a".

Manm Asanble Rebecca Seawright, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te siyen lejislasyon mwen te sipòte pou edike nouvo paran yo sou operasyon ki pa nesèsè ak souvan danjere ki fèt sou tibebe ak jèn timoun ki fèt kòm entèsèks. Edikasyon sa a pral esansyèl pou ede paran yo konprann ke operasyon an pèmanan epi li ka lakòz efè fizik ak sikolojik irevokab. Nou fyè dèske nou te travay nan tèt kole ak kominote ki afekte yo tankou InterACT, yon òganizasyon ki pa gen bi fè pwofi ki sèvi ak estrateji inovatè pou defann dwa legal ak dwa imen timoun ki gen karakteristik entèsèksyèl yo. Depatman Sante Eta New York pral oblije konsilte moun entèsèksyèl ak defansè yo nan devlope materyèl sansibilizasyon sou sante enpòtan sa yo".

interACT: Defansè pou Jèn Entèsèksyèl yo, Direktè Egzekitif Erika Lorshbough, te deklare,"Jodi a, Gouvènè Hochul fè New York vin premye eta nan nasyon an ki inisye yon kanpay edikasyon kominote a enfòm sou eksperyans jèn entèsèksyèl yo ak enpak lè yo soumèt yo depi nan timoun piti a entèvansyon medikal ki san konsantman yo epi souvan ki pa nesèsè. Antanke fyè defansè pou timoun ak jèn moun ki gen varyasyon ant sèks, nou menm nan interACT rekonesan anpil anvè Senatè Hoylman ak Manm Asanble Seawright pou nou fè avanse lejislasyon sa a, ak Gouvènè a paske li te adopte li. 8 novanm se yon jounen mondyal Solidarite ak Komemorasyon Entèsèks; jodi a nou sonje batay yo pou otonomi ak otodetèminasyon moun entèsèksyèl atravè mond lan, epi nou selebre ekspresyon solidarite patnè nou yo nan New York k ap aji pou ogmante sansibilizasyon ak onore dwa moun timoun ki gen varyasyon entèsèksyèl yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)